

**ENFÒMASYON ENPÒTAN POU LOKATÈ KI TE RESEVWA AVI POU KONVÈSYON
AN YON KONDOMINYÒM NAN INITE LOKASYON YO**

Si ou te resevwa Avi pou konvèsyon an yon kondominyòm epi ou ta renmen jwenn èd pou ranpli dokiman lokatè pwopriyete pwopriyete ou te ba ou, tanpri kontakte Hannah Carrillo nan nimewo **617-625-6600**, estansyon 2575 oswa nan imèl nan hcarrillo@somervillema.gov
Ou kapab kontakte Biwo pou Estabilite Lojman nan nimewo **617-625-6600, x.2581**.

Ou kapab vini tou nan anèkslakomin **-50 Evergreen Ave, Somerville, MA02145-** pou pale avèk Hannah Carrillo oswa Biwo pou Estabilite Lojman pou nenpòt kesyon oswa enkyetid ou genyen.

Si ou potko resevwa Avi a, men ou gen enkyetid konsènan yon posibil konvèsyon an kondominyòm tanpri kontakte Hannah Carrillo nan telefòn nan nimewo 617-625-6600, x 2575 oswa nan imèl nan hcarrillo@somervillema.gov.

Peryòd Avi a pou Lokatè: Peryòd avi a pou lokatè se **senkan** pou lokatè: granmoun aje yo, moun andikape yo ak lokatè ki touche revni ba/modere ak **yon ane** pou tout lòt lokatè yo

Peman pou Demenajman: Peman ki obligatwa pou demenajman an se **\$10,000** pou lokatè granmoun aje yo, lokatè andikape yo ak lokatè ki touche revni ba/modere epi **\$6,000** pou tout lòt lokatè yo-peman an se pou chak inite, men pa pou chak lokatè

Anba la a se definisyon moun andikape, granmoun aje ak revni ki ba-modere:

Lokatè ki andikape - se yon lokatè ki gen yon twoub fizik oswa mantal apati dat nou te bay avi a, ki (1)gen yon limit enpòtan sou posiblite ,moun sa a pou pran swen tèt li, pou fè travay alamen, pou mache, pou wè, pou tande, pou pale, pou respire, pou aprann oswa pou travay; oswa (2) ki gen yon limit enpòtan sou lojman apwopriye pou moun sa a oswa ki gen yon limit enpòtan sou posiblite moun sa a pou chèche yon nouvo lojman; oswa (3)satisfè dispozisyon asosye yo ki endike nan definisyon “moun andikape ki touche revni ba” nan G.L.c. 121B § 1.

Lokatè granmoun aje- se yon lokatè ki gen laj **65** ane oswa plis apati dat li te oswa te dwe resevwa avi a.

Lokatè ki touche Revni Ba-/Modere: Si revni total fanmi ou pou dènye 12 mwa yo te anba valè limit revni ki koresponn avèk kantite moun ki lakay ou nan tablo ki anba la a, ou touche revni ki ba/modere:

Limit Revni HUD Boston PMSA – Ane Fiskal 2019								
Ane Fiskal 2019 Kantite Moun ki nan Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Limit	\$62,450	\$71,400	\$80,300	\$89,200	\$96,350	\$103,500	\$110,650	\$117,750

